




1. Impfunya

Intambwe z'ubuzima bw'Impfunya : Impfunya ni urunyo rw'ikinyugunyugu, yona mw'ijoro, bayita *spodoptera frugiperda*.

Ico kinyugunyugu gita amagi ku ruhande rwo munsu rw'amababi y'ibigori canke y'ibindi binyantete. Impfunya zikiva mu magi, zica zitangura kuharagata zihereye aho amagi yari, hanyuma zigakura ziciye ku ntambwe zitandatu. Ku ntambwe ya gatatu, izo mpfunya zirashobora kurekura utunyuzi zireretako, bigatuma umuyaga uzishwiragiriza ku bindi biterwa zishobora kwona. Ziraheza zikerekeza ku mababi yo mu kanwa atarizingurura (aho zibandanya kwona). Impfunya ziheza gukura mu kiringo kiri hagati y'iminsi 4 na 22 mu mezi haba hari ubushuhe (ku rugero rwa °C 28).

Ibimenyetso : Impfunya ziraharagata amababi agasigara afise uduce tubonerana canke agatobagurika. Imyanda yazo iribonekeza ku mababi yo mu kanwa acizinze.

Uko zonona : Ibiterwa vyafashwe bikiri bito cane (hakiri kare) birononekara rwose kugeza n'aho urugero rw'umwimbu rugabanuka ku bice birenga 50 kw'ijana.




Ishusho1: Impfunya: intambwe z'ubuzima (A), urunyo rw'impfunya ku biringo bitandukanye (B) uko zonona (C). (Source: FAO) and CABI

2. Kurwanya Impfunya hakoreshejwe umuti uva mu mababi ya nime(neem)

Ingene ukora: umuti uva mu mababi ya nime (*Melia Azedarach* na *Azadirachta indica*) uragabanya akayabagu k'impfunya bigatuma zitagwira. Hakoresha amababi ya nime akiri matoto mu gutegura umuti umeze nk'umutobe.

Menya neza : iyo umuti wa nime uteguwe, uca ukoreshwa buno nyene.

Urugero mfatiro kugira batangure kuvura : Isukira ry'umuti ritangura mu gihe hibonekeje ibiterwa biri hagati ya 5 na 10 vyafashwe. Igendurwa ry'umurima w'ibigori ritegerezwa kuba kuva bikimera kugira ntucererwe kubivura.



Ishusho 2: igiterwa ca nime(neem): *Melia azedarach* (A) et *Azadirachta indica* (B)

3. Itegurwa n'ikoreshwa ry'umuti uva mu mababi ya nime

- Aha amababi y'ubwoko bumwe muri ubu bwa nime (*Melia Azadirach* na *Azadirachta indica*) ;
- Sekura neza amababi ya nime atamazi wongeyemwo mw'isekuro kugeza aho umutobe utangura kwimiminura ;
- Pima ibiro 3 vy'inkambi za nime, ubishire muri litiro 15 z'amazi ;
- Rekera mu mazi izo nkambi wasekuye mu kiringo c'amasaha 12 kugira umutobe wimiminuriremwo. Uko umwanya uhaca amazi agenda arahinduka agasa n'urwatsi rutoto ;
- Inyuma y'amasaha 12, kanyura inkambi kugira uheraheze gukuramwo umutobe, hanyuma mimina n'akayungiro k'ipompo canke agatambara ka nilo k'amaso matomato ;
- Sukira (pompa) ku mababi y'ibigori yo mu kanwa. Iryo sukira rikorwa ku mugoroba, kubera ko impfunya zona cane mw'ijoro ;
- Nti musukire imvura igira igwe kubera umuti uca uvako ;
- Isubirize gupompa inyuma y'iminsi iri hagati 7 na 10 kandi ubikore n'imiburiburi incuro 4 kubera uwo muti utituka ningoga.



Kwaha amababi akiri matoto ya nime(neem) ubwoko ubwaribwo bwose



Sekura neza amababi ya nime atamazi wongeyemwo mw'isekuro kugeza aho umutobe utangura kwimiminura



Vanga wongere urekere izo nkambi mu mazi ikiringo c'amasaha 12.



Sukira buno nyene uwo muti ku mababi yo mu kanwa



Menya neza : Kurikiza ivyavuzwe ku rupapuro rwa mbere



Mimina umutobe (umuti) ukoresheje akayungiro canke igitambara ca nilo vy'amaso matomato cane

Ishusho 3 : Intambwe zitegurwa ry'umuti uva mu mababi ya nime ukoreshwa mu kurwanya Impfunya